

Demandè

**Gid sou Pwosesis Sètifikasyon
Demann Otomatik pou Semèn yo**

APÈSI

An repons a ogmantasyon rapid nan reklamasyon pou Asistans Reyanplwa akòz pandemi COVID-19, benefis pou tout oswa kèk semèn chomaj, ant 15 mas 2020 pou rive 9 me 2020, te otomatikman reklame nan sistèm CONNECT pou trete peman benefis yo ak ede Floridyen yo jwenn peman yo pi vit ke posib.

Pandan ke sistèm nou an otomatikman trete benefis Asistans Reyanplwa w yo, aktyèlman wap bezwen reponn kesyon sètifikasyon yo pou semèn ou te resevwa peman benefis yo pandan peryòd 15 mas 2020 pou rive 9 me 2020. Kesyon sètifikasyon yo se menm kesyon sa yo ou te reponn lè w tap fè demann pou peman benefis yo nan CONNECT pou chak semèn ou pat travay yo.

Tanpri konekte nan sistèm CONNECT pou reponn kesyon sètifikasyon yo pou semèn ki te otomatikman reklame yo. Wap ka rive jwenn kesyon sètifikasyon sa yo atravè lyen Demann pou Peman Benefis la nan kont CONNECT ou a.

Ap gen yon lyen tou anba seksyon Atik Enpòtan Ki Bezwen Atansyon w nan paj dakèy Reklaman an. Pou enfòmasyon sou Demann pou Peman benefis yo, gade gid nou an [isit la](#).

1. Sou bò gòch CONNECT, ou ka klike sou lyen "Demann pou Peman Benefis" oswa ale sou paj dakèy reklaman an epi chwazi "Klike Isit La pou Fè Demann pou Benefis yo." Lè sa a, yo pral mande w pou konfime adrès ou, reponn kesyon yo epi ranpli enfòmasyon pou rechèch travay ou yo. Wap bezwen repete pwosesis sa a pou chak semèn ki disponib pou reklame. Apre w fin soumèt premye semèn nan, w ap bezwen klike sou bouton "Demann pou Benefis yo" pou reklame nenpòt lòt semèn yo.

Ap genyen yon lis tout semèn ki te deja reklame otomatikman pou ou yo; chak semèn pral parèt separeman avèk repons ki te antre pou semèn sa a.

Chanje PIN | Dekonekte

Bwat Resepsyon Moun K'ap Reklame

Bwat Respsyon

Demann pou Peman Benefis

Gade ak Konsève Enfòmasyon Kont

Defèminasyon, Pwoblèm ki Annatant ak Rezime Desizyon

Eksplòre Sipò ak Sèvis ki Disponib yo

Fòm 1099-G ak Fòm 497 mwen yo

FAQ

Enfòmasyon Enskripsyon Mende

Demandè a Enfòmasyon sou

non: [redacted] Demandè a ID: [redacted] Reklame ID: **2020-01**

Efektif: **03/29/2020** Benefis nan fen ane a: **03/28/2021** Ki dènye nouwl Reklamasyon: **Ekspire**

Estati Monetè:

kantite lajan benefis pou chak semèn:	\$92	Total Balans:	\$1,104	Estati Monetè:	Elijib
Maksimòm Kantite lajan Benefis:	\$1,104	Salè yo lnyore :	\$58.00	Dat Depo Aplikasyon:	03/29/2020

Mande Enfòmasyon sou Peman Benefis

semèn Pase ou te Siyen: **5/3/2020 - 5/9/2020** Semèn ap Tann: Kalite Pwogram aktyèl: **Regular UC**

Dènye Semèn ou touche: **5/3/2020 - 5/9/2020** Sèvis ak Lang: **Anglè**

ENFÒMASYON ENPÒTAN KI DWE A TIRE A TANSYON IMEDYAT OU - KLIKE SOU LYEN AN POU GADE ELEMEN YO.

Dosye nou yo endike ke te gen semèn ki te otomatikman reklame pou ou. Wap bezwen sètifye ke enfòmasyon an kòrèk oswa li pa kòrèk paske li gen rapò avèk semèn sa yo. Si enfòmasyon an pa kòrèk, ou ranpli yon nouvo sètifikasyon anvan ou kontinye ak pwosesis Demann pou Peman Benefis pou pwochen semèn ki disponib ou yo. [Isit la](#) pou revize kesyon ak repons sou sètifikasyon an ke yo poze konyea pou semèn sa yo.

2. Ou dwe chwazi youn nan opsyon sa yo pou chak semèn:
 - a. Mwen sètifye ke enfòmasyon an vre e li kòrèk
 - b. Mwen sètifye ke enfòmasyon an pa vre e li bezwen korije

Sètifikasyon pou Semèn ki te Otomatikman Reklame pou ou (yo)

Dosye nou yo endike semèn kap fini **4/4/2020, 4/11/2020, 4/18/2020, 4/25/2020, 5/2/2020 and 5/9/2020** yo te otomatikman reklame pou ou. Tanpri revize kesyon sètifikasyon yo ak repons ke w fèk founi yo pou semèn sa yo ki nan lis anba a. Wap bezwen sètifye ke enfòmasyon an swa kòrèk oswa pa kòrèk dapre jan li gen rapò ak semèn sa yo. Si enfòmasyon an pa kòrèk, ou dwe konplete yon nouvo sètifikasyon anvan w kontinye ak pwosesis Demann pou Peman Benefis yo pou semèn disponib ou yo.

Kesyon sa yo te poze otomatikman pou semèn kap kòmanse nan dat 03/29/2020 jiska Semèn kap Fini nan dat 4/4/2020

Pandans semèn ou Dimanch, 03/29/2020 jiska Samdi, 4/4/2020:	
• Èske ou te chèche travay?	Non
• Èske ou te fè yon kontak ak moun nan yon Sant CareerSource?	Non
• Èske ou kapab ak disponib pou travay si yo te ofri ou yon travay?	Wi
Pandans semèn ou Dimanch, 03/29/2020 jiska Samdi, 4/4/2020:	
• Èske ou te refize nenpòt travay oswa rekòmandasyon nan travay?	Non
Pandans semèn ou Dimanch, 03/29/2020 jiska Samdi, 4/4/2020:	
• Èske ou te travay oswa èske ou te touche lajan?	Non
• Èske ou te resevwa oswa aplike pou revni pou revni nan lòt sous ou pa t rapòte ban nou anvan?	Non

Mwen sètifye enfòmasyon an vre epi li kòrèk.

Mwen sètifye ke enfòmasyon an pa vre epi lap bezwen korije.

- c. Apre w fin soumèt repons ou yo pou semèn ki nan lis la, paj Resi Sètifikasyon pou Semèn ki te Otomatikman Reklame yo ap note semèn ki sètifye yo ansanm avèk dat ak nan lè sa te fèt la.

3. Si gen semèn ki dwe korije, yo pral mete yo nan yon lis anba Estati Koreksyon Semèn nan. Klike sou bouton "Korije Semèn yo" pou kontinye.

Setifikasyon ke nou resevwa Demann Otomatik pou Semèn yo

Ou te soumèt yon sètifikasyon pou Semèn ki te Otomatikman Reklame pou semèn ki te fini nan dat **4/4/2020, 4/11/2020, 4/18/2020, 4/25/2020, 5/2/2020 and 5/9/2020** nan **1/18/2022 12:16:12 PM**

Estati Koreksyon Semèn nan

Ou gen semèn ki otomatikman reklame ki pa korije. Ou ka korije semèn sa yo lè w klike sou bouton "Kòrèk Semèn yo" ki anba a:

- 3/29/2020 al 4/4/2020

Kòrèk Semèn yo 3

Paj-Dakèy

4. Semèn ou endike ki pa kòrèk yo ap parèt pou w ka fè koreksyon yo.

Premye Kesyon yo

Tanpri reponn kesyon ki annapre yo pou **semèn Dimanch, 5/3/2020 jiska Samdi, 5/9/2020**.

- Pandan semèn ou Dimanch, 5/3/2020 jiska Samdi, 5/9/2020:
 - **Èske ou te chèche travay?** Wi Non
 - **Èske ou te fè yon kontak ak moun nan yon Sant CareerSource?** Wi Non
 - **Èske ou [kapab](#) ak [disponib](#) pou travay si yo te ofri ou yon travay?** Wi Non
- Pandan semèn ou Dimanch, 5/3/2020 jiska Samdi, 5/9/2020:
 - **Èske ou te refize nenpòt travay oswa [rekòmandasyon](#) nan travay?** Wi Non
- Pandan semèn ou Dimanch, 5/3/2020 jiska Samdi, 5/9/2020:
 - **Èske ou te [travay](#) oswa èske ou te touche lajan?** Wi Non
- **Èske ou te resevwa oswa aplike pou [revni](#) pou revni nan lòt sous ou pa t rapòte ban nou anvan?** Wi Non

Anvan Swivan 4

5. Apre w fin korije semèn nan epi w klike sou "Swivan" yap mande w pou w Soumèt Demann pou Peman Benefis ou an.

SOUMÈT DEMANN OU POU PEMAN BENEFIS

APLIKASYON W LAN POKO FIN KONLETE!

Pou konplete aplikasyon w lan, ou dwe fè bagay sa yo:

- Revize repons ou bay anwo a epi fè nenpòt chanjman ki nesèsè.
- **Chwazi kazye a pou sètifye aplikasyon w lan epi chwazi bouton Soumèt.**

Mwen konfime enfòmasyon mwen bay yo se enfòmasyon ki vrè ak kòrèk. Mwen konnen Lalwa Florida bay sanksyon ak/oswa prizon pou fo deklarasyon pou jwenn avantaj epi DEO trennen moun lajistis poutèt yo touche avantaj nan fwod. Mwen rekonèt DEO sa a pral verifye enfòmasyon mwen yo pou asire si yo egzat.*

Mwen rekonèt ke mwen te lie pi konprann deklarasyon konsènan Fwod Asistans Reyann nan chaj epi mwen swete kontinye depoze aplikasyon mwen

Soumèt 5

Si gen lòt semèn pou korije, lot semèn nan ap disponib pou ou jiskaske tout semèn yo fin acheve.

Reklaman: ki bezwen èd pou ranpli yon Reklamasyon Asistans Reyanplwa sou entènèt pou rezon legal, analfabèt, òdinatè, baryè langaj, oswa andikap ka rele: 1-833-FL-APPLY (1-833-352-7759).